

ATANSYON FANMI LEKOL PIBLIK BROWARD COUNTY: OU KA JWENN DE MWA SÈVIS ENTÈNÈT GRATIS

Comcast fèk lanse pwogram amelyorasyon pou ede elèv-yo konekte sou Entènèt diran sitiyasyon kriz Koworonaviris lakòz. Fanmi ki gen ti revni e ki rete nan zòn sèvis Comcast kote yo resevwa siyal e ki anrejistre kòm nouvo kliyan, fanmi sa-yo ka resevwa **60 jou sèvis ak koneksyon Entènèt gratis**, koneksyon a **plis pase 200,000 hot spots atravè tout peyi a**, yon ogmantasyon nan vitès Entènèt de 15/2 Mbps a 25/3 Mbps pou tout kliyan Internet Essentials.

Pou w resevwa koneksyon Internet Essentials, tanpri vizite sit internetessentials.com oswa rele liy telefòn gratis 1-855-846-8376. Òf sa pa disponib nan lokal pwendevant Comcast, tanpri pa ale nan yon lokal Comcast pou pwogram-sa-a.

- Comcast va voye bay nouvo kliyan-yo yon kit yo ka enstale yo-menm (self-installation kit), cable modem ak Wi-Fi router anndan kit-la.
Pap gen kontra oswa verifikasyon kredi epi pa gen frè espedisyon.
- Sitweb ki aksesib la gen opsyon vidyeo chat kote kliyan ka pale ak ajan sèvis-la an langaj siy Ameriken.
- Apre 60 jou, fanmi dwe rele Comcast pou anile sèvis-la, oswa kontinye ak sèvis-la pou \$9.95/chak mwa.

Kilès ki kalifye pou sèvis sa?

1. **Tout elèv ki anwole nan lekòl Title I.** Tanpri gade lis lekòl-yo sou sit bit.ly/2IQncxB.
2. Fanmi ki anwole nan Lojman HUD (**HUD Housing**) ak/oswa **pwogram lench gratis oswa a pri redwi.**
3. Fanmi k'ap resevwa kounyea sipò ak asistans nan men pwogram federal sa-yo dwe bay prèv patisipasyon:
 - **MEDICAID:** kopi kat Medikèd oswa lèt elijibilite ki pi resan pou yon granmoun ki abite nan kay-ou (fè kopi devan ak do kat-la, ekzijib.)
 - **Asistans lojman piblik:** dokimantasyon tankou lwaye (lease -liz), kontra peman asistans lojman (sig angle HAP), oswa dokimantasyon elijibilite de HUD.
 - **SNAP:** lèt ki endike ou apwouve pou benefis pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program benefits.)
 - **TANF:** lèt elijibilite pou Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan nesosite (*Temporary Assistance for Needy Families.*)
 - **SSI:** lèt elijibilite pou alokasyon sipleman revni (Supplemental Security Income.)
 - **NSLP/Head Start:** kopi yon lèt ki endike patisipasyon nan pwogram lench lekòl (National School Lunch Program) oswa Head Start, ak non timoun-nan, non lekòl-la, epi adrès kote w ap mande pou sèvis-la.
 - **LIHEAP:** lèt ki konfime elijibilite pou pwogram asistans enèji pou fanmi ak ti revni (Low Income Home Energy Assistance Program.)
 - **WIC:** lèt elijibilite pou pwogram Fanm, Tibebe, ak Timoun (Women, Infants, and Children program).
 - **VA Pansyon:** lèt detèminasyon elijibilite pou pansyon de Administrasyon Veteran (Veterans Administration.)
 - **Asistans Tribal:** lèt elijibilite, enkli, TTANF, FDPIR, etc.

Yon fwa kliyan an rele oswa aplike sou Entènèt, Comcast va ba-ou yon nimewo aplikasyon, epi yo va mande kliyan an soumèt dokiman an ak nimewo aplikasyon an ekri sou papye a, soumèt aplikasyon an sou sit ieapplication@comcast.com. Fason pi rapid pou aplike epi telechaje (upload) dokiman ki nesese se anliy sou sit internetessentials.com. Kliyan ka voye dokiman-yo pa faks, nimewo 1-888-294-7113 ak nimewo aplikasyon an ekri sou dokiman an.

Pou kesyon, tanpri vizite sit internetessentials.com oswa rele 1-855-846-8376 pou Angle oswa 1-855-765-6995 pou Espayòl.

The School Board of Broward County, Florida Lori Alhadeff • Robin Bartleman • Heather P. Brinkworth • Patricia Good • Donna P. Korn Laurie Rich Levinson • Ann Murray • Dr. Rosalind Osgood • Nora Rupert • Robert W. Runcie, Superintendent of Schools

The School Board of Broward County, Florida, entèdi tout regleman oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon sou baz laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, eta sivil, nasyonalite, ras, relijyon, sèks oswa oryantasyon seksyèl. School Board bay Boy Scouts ak lòt gwoup jenn ki deziye, aksè egal. Moun ki vie pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman ka kontakte Direktè, depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & Kodonaté Ekite Distri a/Kodonaté Title IX nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. Dapre amannmann Iwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008 (ADAAA), moun ki bezwen akomodasyon ka kontakte depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. browardschools.com